YANGI O'ZBEKISTON ILMIY TADQIQOTLAR JURNALI IF=8.5 3-JILD, 2-SON,2-QISM (YO'ITJ)




# QARAQALPAQ HÁM QAZAQ RUWLARıNıŃ UQSASLıQ HÁM AYıRMASHıLıQ TÁREPLERI

**Qurbanbaeva Gúlnur Amanbay qızı**

Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Filologiya fakulteti, Filologiya va tillerdi oqıtıw: inglis tili tálim jónelisiniń 1-basqısh studenti

https://doi.org/10.5281/zenodo.18780058

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 31-yanvar 2026 yil
Ma'qullandi: 22-fevral 2026 yil
Nashr qilindi: 25-fevral 2026 yil

**KEY WORDS**

*ruw, qaraqalpaq, qazaq, uqsaslıq, ayırmashılıq,*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada ruwdıń ornı hám áhmiyeti, qaraqalpaq hám qazaq ruwlarınıń uqsaslıq hám ayırmashılıq tárepleri analiz qılınadı.*

Ruw- bul óz ara aǵayinshilik baylanısları menen baylanısqan insan toparı bolıp, ol áyyemnen túrkiy xalıqlardıń social ómirinde áhmiyetli orın iyelegen. Yaǵnıy ruw bul social birlesiw quralı esaplanǵan.

Ruw qaraqalpaq xalqında da, qazaq xalqında da áhmiyetli orın iyeleydi. Olardıń bir-birine uqsaslıq hám ayırmashılıq tárepleri bar. Qaraqalpaqlar tiykarınan 2 arısqa bólinedi: 1) qońırat 2) on tórt ruw dep aytılıp ketken biraq negizi "ol-tórt ruw" boladı: keneges, mańǵıt, qıtay, qıpshaq. Al qazaqlar bolsa, Júzler bolıp 3ke bólinedi: Ullı Júz, Orta Júz hám Kishi Júz.

Uqsaslıq táreplerine keletin bolsaq, birinshiden, bul eki xalıqtıń tariyxiy tamırı bir. Yaǵnıy, eki xalıq ta túrkiy xalıqlar bolıp esaplanadı. Sonday-aq, kóp ásirler dawamında bir jerde jasaǵan. Ekinshi uqsaslıq bolsa, ruw-qáwim sisteması uqsas, yaǵnıy, eki xalıqta da ruw-qáwim túsinigi bar. Soniń menen birge, ayırım uqsas ruw atların da ushıratamız: qańlı, qıpshaq, qońırat sıyaqlılardı. Al úshinshiden bolsa, til hám mádeniyatları jaqın, yaǵnıy tilleri bir-birine jaqın. Bul xalıq heshqanday awdarmalarsız bir-biriniń tilin túsine aladı. Bunnan tısqarı, úrp-ádet, kiyim, hátteki toy máresimlerinde de uqsaslıq kóre alamız. Toy máresimlerinen qız uzatıwdı mısal etip alsaq ta boladı.

Bunnan tısqarı parıqlar da bar. Birinshiden, bul xalıqlar bólek xalıq sıpatında qáliplesken: qaraqalpaq- bólek etnos, qazaq- bólek etnos. Ekinshiden, ruwlar quramı basqasha: ishki bóliniwler, tariyxıy jolında parıqlar bar. Soniń menen birge, jaylasıw orınlarda parıqlardı kóremiz. Qaraqalpaqlar tiykarınan Ámiwdárya átirapında, al qazaqlar bolsa, keń dalalıqlarda qáliplesken.

Qaraqalpaq hám qazaq xalıqlarınıń baylanıslarına tómendegi mısaldı alsaq ta qátelespeymiz: tariyxqa qaraytuǵın bolsaq qaraqalpaqlar qazaq xanları menen jaqın baylanısta bolıp, juńǵarlarǵa qarsı birgelikte gúresken.

Juwmaqlap aytqanda, ruw sisteması túrkiy xalıqlardıń tariyxiy rawajlanıwında áhmiyetli social hám mádeniy qubılıs sıpatında qáliplesken. Qaraqalpaq hám qazaq xalıqlarında ruw sistemasınıń ayırım tárepleri uqsas bolsa da, olardıń tariyxıy qáliplesiwi, ishki dúzilisi hám

rawajlanıw jolları ózgeshe. Búgingi globallasıw sharayatında ruw sisteması aldıngı siyasiy áhmiyetin joytqan bolsa da, ol tariyxıy estelik, mádeniy miyras, sonday-aq, ilimiy izleniwler tárepinen óz qunın joǵaltqan joq.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. T.Jumaniyazov tárepinen izertlengen "Qaraqalpaq xalqınıń etnik tariyxı". –Nókis: Qaraqalpaqstan baspası, 1994

2. Qazaq shejiresi

3. Qaraqalpaq shejiresi

INNOVATIVE ACADEMY